MAITIRO EVARIMI MUAFRICA PAMBEU

MuAfrica varimi vanorima minda midiki uye kudzokorora kudyara mbeu pamwechete nekuchinjanisa mbeu dzavanenge vakachengeta kubva pagohwo remwaka unenge pfuura.

Maitirwo embeu dzakadai ndeekare aiitwa nemadziteteguru edu panguva dzavakatanga zvekurima.

Maitiro aya anopa zvikamu makumi masere kubva muzana zvembeu dzinoshandiswa pakurima izvo zvinopa gohwo rinogutsa zviuru nezviuru zvevanhu muAfrica yose. Semuenzaniso varimi vadiki vanowana zvikamu gumi kubva muzana zvembeu dzavanoshandisa kubva muzvitoro.

Kupanana mazano, kuchinjana mbeu, nekuwedzera mbeu ndizvo zvakaita kuti kuve nembeu dzakawanda dzakasiyana siyana uye zvirimwa. Kushandisa mbeu dzakasiyana siyana kwakakosha pakubatsira varimi pamamiriro ekunze, semuenzaniso kana kusinganayi mvura kwenguva refu.

Zvirimwa zvakasiyana siyana zvinobatsira pakupa hutano hwakanaka kuvanhu nezvipfuyo uye ivhu.

mbeu

kudyara kurima kukohwa kusarudza mbeu



kuchengetedza

kupanana mbeu

kwekutengesera

kudya

Varimi vadiki ndivo vane chikamu chihombe pakuchengetwa kwembeu kwemakore. Kubva pakusarudza mbeu, kuchengetedza uye kudziuchika. Vanotarisa zviratidzo zvakaita sekukurumidza kuibva kwembeu, uye mbeu dzisingakanganiswi nekuoma kwekunze, mbeu dzinonaka pakudya, nedzimwewo dzinoshandiswa pachivanhu chedu. Kuti pave neramangwana rakanaka Hurumende dzinofanira kutsigira uye kudzivirira varimi panzira dzavanoshandisa pakugadzira mbeu dzavo kuitira kuti pasave nedambudziko rekushaya zvekudya uye zvose zvinodiwa paupenyu.

african centre for biodiversity

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duducoelho.com